ственного вуза в Каракалпакстане. Было проведено много собраний и заседаний, написаны статьи против открытия пединститута.

Но факт остается фактом. Ж.Базарбаев своей настойчивостью и трудолюбием доказал всему свету необходимость пединститута для Каракалпакстана. И слава Богу – Пединститут был открыт и до сих пор процветает на благо нашей Родины. После пединститута в Каракалпакстане были открыты ещё 12 вузов.

Более 12 лет Ж.Базарбаев руководил пединститутом.

Мне посчастливилось поработать в тесном контакте со многими ректорами вузов: Т.Изимбетовым, Ч.Абдировым, М.Нурмухаммедовым, К.Мамбетовым, К.Утениязовым, Ж.Базарбаевым, А.Матчановым, Б.Жоллыбековым, М.Бердимуратовым, Б.Преновым, М.Сарыбаевым, К.Оразымбетовым, Б.Отемуратовым, К.Кодировым.

Я при них 3 раза работал деканом факультета 2 раза проректором по учебной и научной работе, завкафедрой. А сейчас являюсь председателем «Общественного совета института», Председателем «Совета Нураный», членом всех институтских советов, главным редактором редакционного – издательского отдела, членом редколлегии научно-методического журнала «Илим хэм жэмийет».

Естественно, у каждого руководителя свой стиль, свои методы работы. Из всех этих ректоров у Ж.Базарбаева был особый стиль работы. За первые два года работы Ж.Базарбаев добился для 100 (ста) преподавателей института 10 гектаров дачного участка рядом с городом Нукусом на живописном берегу канала Кыз-кеткен.

В Кегейлийском и Бозотауском районах для пединститута добился более 200 гектаров для посевных и биологических лабораторных работ студентов. Рядом с г. Нукусом для преподавателей и студента пединститута добился готового спортивно-оздоровительного лагеря на 200 мест, где студенты занимались разными биологическими, географическими, лабораторными экспедиционными работами. Летом в этом лагере отдыхали преподаватели и студенты пединститута.

Ж.Базарбаев – единственный ректор, который «Культ Учебы» ставил выше всего. Каждую неделю, во вторник, он сам регулярно посещал занятия преподавателей и тщательно их анализировал. Я, как проректор по учебной работе, посещал занятия по средам, а другие проректоры и деканы посещали занятия преподавателей по другим дням недели.

Академик Ж.Базарбаев был научным руководителем десятка кандидатов и докторов наук, авторам нескольких десятков учебников, пособий и монографий и сотен научных статей.

Ж.Базарбаевым в пединституте были введены государственные именные стипендии имени профессора А.Урумбаева, поэта И.Юсупова, писателя Т.Каипбергенов, некоторые из которых до сих получают студенты пединститута.

Еженедельно, по понедельникам в $10^{00}$ он проводил расширенное аппаратное совещание проректоров, деканов и других руководителей института, где принимал их отчеты и давал задания на следующую неделю.

В настоящее время профессорско-преподавательский состав института благодарные Ж.Базарбаеву они строят на даче домики, проведены свет, газ, вода, люди получают урожаи фруктов, бахчевых, помидоров, огурцов и отдыхают на пляже у канала Кыз-кеткен.

Под руководством Ж.Базарбаева была проведена большая конференция, посвященная юбилею классика Каракалпакской литературы Ажинияза, имя которого было присвоено Нукусскому госпединституту. Были проведены юбилейные конференции известных каракалпакских поэтов и писателей Ибрагима Юсупова и Толепбергена Каипбергенова.

Мы, желая увековечить память об Академике Ж.Базарбаеве, предлагаем его именем назвать улицу в г.Нукусе, в пединституте ввести Государственную Именную стипендию имени Ж.Базарбаева и поставить его бюст на даче пединститута.

## ЗӘБЕРДЕС АЛЫМ, КӨРНЕКЛИ ФОЛЬКЛОРШЫ
**(Профессор К.Алламбергеновтың 70 жыллығына)**

**К.С.Палымбетов –** *филология илимлериниң докторы, доцент*
*ӨзРИАҚҚб Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

Филология илимлериниң докторы, профессор, Қарақалпақстан Халық жазыўшысы, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Кеңесбай Алламбергенов кең жәмийетшиликке әдебиятшы, фольклорттаныўшы илимпаз, талантлы көркем сөз шебери, жазыўшы, драматург, устаз-педагог сыпатында танылған инсанлардың бири болды.

Әлбетте, хәр тәреплеме дөретиўшилик қәбилетке ийе, көп қырлы талант ийесиниң қәлеминен дөреген илимий, әдебий мийнетлердиң хәммесине бир мақала көлеминде пикир билдирип, үйренип шығыў мүмкин емес. Сонлықтан биз, бул мақаламызда К.Алламбергеновтың қарақалпақ фольклортаныў илимине қосқан үлесине, илимий изертлеўлерине тоқтамақшымыз.

К.Алламбергенов 1976-жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтын питкергеннен соң талантлы жазыўшы сыпатында гүрриң, повесть хәм романлары менен оқыўшыларға кеңнен белгили бола баслайды хәм жазыўшылық талантына қоса, қарақалпақ әдебияты менен фольклорына болған қызығыўшылығы, оны илимий-изертлеў жумыслары менен шуғылланыўға алып келеди. Илимпаздың илимий искерлиги хаққында мақалалар жазған профессор К.Курамбаев: “К.Алламбергенов илим жолындағы дәслепки қәдемлерин қарақалпақ фольклорын үйрениўден баслады” [1:22], - деп дурыс белгилеп өтеди, Ҳақыйқатында да, 1979-82-жыллары Нөкис мәмлекетлик университетиниң аспирантурасында оқыған болажақ илимпаздың илимий-изертлеў жумысының темасы, қарақалпақ әдебиятында ерте дәўирлерден-ақ қәлиплескен көп әсирлик раўажланыў тарийхына ийе айтыс жанры болады. Себеби, қарақалпақ әдебияттаныў илими ушын ертеден-ақ көркем сөзге, поэзияға қәбилетли, талантлы адамлардағы импровизаторлық талант, төкпе шайырлық тийкарында болып өтететуғын айтыстың өзине тән тәбиятын изертлеў оғада әхмийетли еди. Шайырлар арасында аўызеки түрде болып өтетуғын сөз жарысы “айтыс” - фольклортаныў илиминиң бир жанры сыпатында әлле қашан-ақ қәлиплескен еди. К.Алламбергенов усындай изертлениўи тийис актуал тема бойынша 1985-жылы «Қарақалпақ әдебиятында айтыс жанры» деген темада кандидатлық диссертациясын жақлайды хәм филология илимлериниң кандидаты илимий дәрежесине ийе болады. Усы кандидатлық диссертациясының жуўмағы тийкарында “Қарақалпақ әдебиятында айтыс” (Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1989) монографиясын баспадан шығарады. Сол жыллары қарақалпақ әдебияттаныўында айтыс хаққында айтылған улыўма пикирлердиң орын алғаны болмаса, ал улыўма айтысты, соның ишинде шайырлар айтысын жеке алып изертлеген, жанрлық, идеялық-көркемлик өзгешеликлери изертленген дисертациялық ямаса монографиялық мийнетлер ХХ әсирдиң 80-жылларында дерлик жоқ еди. К.Алламбергенов усы мәселеде тек қарақалпақ әдебияты ғана емес, ал қазақ, қырғыз, өзбек, түркмен сыяқлы қоңсылас халықлар әдебиятындағы айтыс жанрын салыстырмалы үйренип,

өзиниң илимий жуўмақларын билдиреди. Шайырлар айтысының өзгешеликлери пайда болыўы менен раўажланыўының тийкарғы бағдарларын тарийхый-теориялық жақтан ашып береди. Илимпаз изертлеўинде айтыстың әййемги дәреклерин анықлап, қарақалпақ әдебиятындағы шайырлар айтысы шығыс пенен батыстағы көп еллердиң айтыс дәстүрлери менен байланыста болғаны менен өзиниң пайда болыўында бурыннан бар миллий дереклерди тийкар етип алғанын көрсетип береди. Бунда миллий салт-дәстүр жырларының тәсирин былай көрсетеди: “...салт-дәстүр жырларындағы (бәдик, гүлапсан, хәўжарлардағы) айтыслық элементлер (топ-топ болып екиге бөлинип айтысыў, импровизация, жырдағы гейпара қатарлардың турақлы қайталанып отырыўы ҳәм т.б.) болды, яғный шайырлар айтысының дәслепки тырнақ тасы ерте дәўирлердеги турмыс салт-жырларынан баслап қалана баслады. Буны биз шайырлар айтысының салт-дәстүр жырларынан әдеўир кеш пайда болғанлығы факти менен де дәлиллеўимиз мүмкин” [2:21-22], - деп жазады ҳәм бул пикирлерин мысаллар менен дәлиллеп береди. Соның менен бирге, шайырлар айтысын қәлиплестириўдеги жуўап айтысларының орнын, импровизацияның әҳмийетин, шығыс классиклери дөретиўшилигиндеги айтыс үлгилериниң қарақалпақ жазба әдебиятын қәлиплестириўге қатнасын, дослық қатнасықтағы қарақалпақ-қазақ шайырларының айтысының раўажланыў жолларын, жазба-хат түриндеги айтыслардың раўажланыў бағдарларын илимий жақтан тийкарлап береди.

Буннан соң К.Алламбергенов, ХХ әсирдиң 1930-40-жылларынан баслап «репрессияға ушырап», қараланған дәстанлардың бири «Едиге» бойынша изертлеў жумысын алып барады. Дәстан сюжетиндеги еркинликке умтылыў, өз алдына ел, халық болыў идеясы менен усы идеяның баслаўшылары болған тарийхый шахслар образы өткен ХХ әсирдеги бурынғы аўқам идеологиясына туўры келмейтуғын еди. Елдеги надурыс сиясаттың себебинен бурынғы аўқамлық Республикалардың миллий мәдений мийрасларына, соның ишинде терең халықлық идеялар менен суўғарлыған айырым дәстанларға жәмийетке жат идеологиялық көзқарастағы мийраслар деген айып тағылып, оны жырлаў, үйрениў, оқытыў, изертлеў ҳәм бастырып шығарыў қадаған етилген еди. К.Алламбергенов 1990-жыллардан баслап XIV-XV әсирлерде жасаған тарийхый шахс Едиге ҳәм «Едиге» дәстанын үйрениўге батыллық пенен араласады. Елимиз ғәрезсизликке ерискеннен соң тюрколог алым сыпатында қарақалпақ халқының тарийхый-қаҳарманлық дәстаны «Едиге»ни дүнья жүзине танытқан алым болды. Дәстанның айырым вариантларын, атап айтқанда 1994-жылы Жумабай жыраў Базаровтан «Едиге» дәстанын жазып алып видеотаспаларға түсирип, Республикалық журналларда бастырып шығарады. Едиге ҳаққында қысқа метражлы тарийхый хүжжетли фильмлер жаратыўға қатнасып, илимий мәсләҳәтшилик етти. Ең баслысы - дәстанның ҳәр қыйлы машқалалары бойынша қырыққа жақын илимий журнал мақалаларын жәриялап, 1995-жылы «Билим» баспасынан «Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге» атамасында 14 баспа табақтан ибарат көлемли монографиясын жәриялайды. 1997-жылы Ташкент қаласында Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Өзбек тили, әдебияты ҳәм фольклоры институтында «Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге» (Генезиси, жанрлық белгилери, миллий версиялар типологиясы ҳәм поэтикасы) деген темада докторлық диссертациясын жақлайды ҳәм филология илимлериниң докторы илимий дәрежесине ийе болады.

К.Алламбергенов буннан соң да «Едиге» дәстаны бойынша изертлеў жумысларын даўам етип 2014-жылы «Миф, ертек, тарийх ҳәм дәстан (Ер Едиге, «Едиге» дәстаны ҳәм Алтын орда Мәўереннахр дәўири тарийхының гейпара мәселелери) атлы монографиясын, 2017-жылы «Билим» баспасынан «Ер Едиге, «Едиге» дәстаны, Алтын Орда ҳәм Маўараўаннаҳр дәўири тарийхының гейпара мәселелери» атлы монографиясын жәриялады. Илимпаз бул изертлеўлеринде 80 ге жақын әдебиятшы, тарийхшы ҳәм фольклорист алымлардың изертлеўлеринен пайдаланған ҳәм илимий факт ҳәм дәлиллеўлерге сүйенип «Едиге» дәстанының қарақалпақша версиясы қазақ, ноғай, башқурт, татар версиялары менен салыстырмалы үйренилип текстлик мысаллардың жәрдеминде исенимли дәлилленген. Изертлеўлеринде автор «Едиге» дәстанының авторлығы мәселесине, яғный дөретиўшиси ҳәм оның атқарыўшысына, Едиге улысы, оның журты ҳәм жасаған жери ҳаққында, «Едиге» дәстанының батырлық жырдан қаҳарманлық дәстанға өсип, жетилисиў мәселесине, әсиресе дәстанның пайда болыўы, толықтырылып, қайта жырланыў ўақыяларын анықлаўға үлкен итибар қаратады. Илимпаздың көп жыллық изленислери ҳәм изертлеўлериниң нәтийжесинде «Едиге» дәстанының жыр сыпатында пайда болыўы 1391-1406-жылларға туўры келеди деген шешимге келеди [3:43]. Ал, дәстанның авторлығы мәселесинде, дәстанда данышпан жыраў сыпатында қатнасатуғын, тарийхта жасаған қарақалпақ жыраўшылық өнериниң сағасында туратуғын Соппаслы Сыпыра жыраў менен дәстанның дөретилиў дәўири туўры келетуғынлығы дәлилленип, анық илимий факт ҳәм дәлиллеўлер тийкарында «Едиге» дәстанының дөретиўши авторы Соппаслы Сыпыра жыраў деген пикирге келеди. Буннан алдын «Едиге» дәстанының авторы Соппаслы Сыпыра жыраў болыўы мүмкин деген пикир профессор К.Мәбетов тәрепинен билдирилген еди [4:120]. К.Алламбергенов усындай болжаўлы пикирлерге анықлық киргизип, илимий дәлиллеўлер тийкарында, батыллық пенен “Едиге” дәстанының авторы Соппаслы Сыпыра жыраў деген пикирге келеди. Сондай-ақ, «Едиге» дәстанының қарақалпақ версиясы ең ески нусқа екенлигин, «Едиге» қарақалпақлардың этногенезинде тийкарғы орынды ийелейтуғын маңғытлардың ақмаңғыт тийресинен шыққан тарийхый тулға екенлигин, және де Едигениң журты тарийхта да, дәстанда да қарақалпақлардың бир бөлеги жайлаған мәкан болғанлығын дәлиллеп береди. Алым дәстанның батырлық жырдан қаҳарманлық дәстанға өсип жетилисиў эволюцясын анықлаўда, «Едиге» жыры қашан пайда болған, қашан толықтырылып, дәстан сыпатында қайта жырланды, пайда болыўы ҳәм қайта жырланыўына қандай ўақыялар себепши болған деген сораўларды ортаға қояды ҳәм бул сораўларға жуўап табыўда дүньяға белгили алымлардың изертлеўлерине сүйенип өз пикирлерин билдиреди. Сондай-ақ, “Едиге” дәстанын көпшилик илимпазлар, атап айтқанда В.М.Жирмунский, Қ.Айымбетов, К.Мәмбетов, С.Бахадырова ҳәм т.б. “қаҳарманлық дәстан” деп атап келген еди. Бирақ, К.Алламбергенов “Едиге” дәстанында тарийхыйлық ҳәм қаҳарманлыққа тән сыпатлы белгилердиң екеўи де теңдей ушырасатуғынын есапқа алып, тарийх ҳәм дәстан бирлигиниң сәйкес келиўлериниң тийкарына қарап, дәстанның эпикалық вариантларын «тарийхый-қаҳарманлық дәстан» [5:20], - деген шешимге келеди. Солай етип, илимпаз “Едиге” дәстанын терең изертлей атырып надурыс түсинилип киятырған айырым илимий пикирлерге анықлық киргизеди. Әсиресе, Алтын Орда дәўирин изертлеген тарийхшы алымлар В.В.Бартольд, В.М.Жирмунский, В.Д.Греков, А.Ю.Якубовскийлердиң Едигени Әмир Темурға қыянет еткен унамсыз шахс сыпатында түсиндирген пикирлериниң тийкарсызлығын илимий жақтан исенимли дәлиллеп береди [6].

Илимпаз қарақалпақ фольклортаныў илиминде «Алпамыс», «Қырық қыз», «Шәрьяр», «Юсуп-Ахмет» ҳәм т.б. дәстанлар бойынша ҳәм жыраў-бақсылар ҳаққында да илимий-теориялық пикирлерге қурылған мақалаларын жазды. Солардың айырымларына тоқтап өтейик, мысалы, “Қорқыт ата

китабы" ҳәм қарақалпақ қаҳарманлық дәстанлары" ("Қарақалпақстан муғаллими" журналы, 1994, №4) мақаласында жазба естеликтиң қаҳарманлық дәстанларға тәсири мәселесин ашып берсе, "Фольклор машқалаларына жаңаша пикир жуўыртайық" ("Қарақалпақстан муғаллими" журналы, 1995, №1-2) мақаласында қарақалпақ фольклортаныў илиминдеги изертлениўи тийис машқалаларға көзқарасын билдиреди. "Алпамыс" ҳәм "Едиге" дәстанын типологиялық жобада үйрениўдиң гейпара мәселелери" ("Қарақалпақстан муғаллими" журналы, 1997, №3-4), "Шығыс ҳәм батыс халықлары фольклорын типологиялық салыстырмалы үйрениўдиң гейпара мәселелери" ("Илим ҳәм жәмийет" журналы, 2014, №3) мақалаларында салыстырмалы үйрениўдиң әҳмийетин белгилеп береди. Булардан басқа илимпаздың "Ертектен дәстанға шекем" ("Қарақалпақстан муғаллими" журналы, 2001, №3-4), "Қарақалпақ эпосларында қариялар образы – данышпанлық тымсалы" ("Қарақалпақстан муғаллими" журналы, 2002, №1-2), "Қарақалпақ ертеклерин типологиялық салыстырып изертлеўдиң гейпара мәселелери" (Конференция материаллары, Нөкис, 2010), "Қазақ қарақалпақ фольклоры ҳәм әдебияты байланысы мәселелери" ("Әмиўдәрья" журналы, 2011, №5) сыяқлы т.б. қарақалпақ фольклортаныў илиминиң машқалалары бойынша жүзден аслам қунлы илимий мақалаларын жазды. Жоқары оқыў орынлары студентлери ушын қарақалпақ әдебияты ҳәм фольклоры бойынша оқыў бағдарламалары, көрсетпелери, методикалық қолланбалары ҳәм сабақлықларын жазды. Мысалы, фольклортаныў илими бойынша "Қарақалпақ фольклоры (Оқыў бағдарлама)" ("НМПИ" типографиясы, 2002), "Қарақалпақ халқының аўызеки көркем дөретпелери" (Оқыў көрсетпе) ("НМПИ" типографиясы, 2007) оқыў бағдарлама ҳәм методикалық көрсетпесин оқыў процессине усынды.

Илимпаздың илимий-изертлеў жумысларының шеңбери жүдә кең. Ол илимде тек фольклортаныўшы алым сыпатында ғана емес, ал қарақалпақ әдебиятының бир неше тараўлары бойынша да изертлеўлерин жазды. Атап айтқанда, қарақалпақ әдебиятының сағалары ҳаққында, жазба әдебият пенен аўызеки әдебияттың типологиясы мәселелерин, әдебиятты дәўирлестирип үйрениў мәселелерин, қарақалпақ ҳәм қазақ фольклорындағы дәстүрий байланысларды, сондай-ақ, орта әсирлердиң жазба естелиги «Қорқыт ата китабы» ҳаққында ҳәм өткендеги уллы ойшыл шайырлар Сулайман Бақырғаный, Хожа Ахмет Яссаўий, Ахмет Югнакий ҳаққында мақалаларын, соның менен бирге қарақалпақ классик шайырлары Жийен жыраў, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ шығармалары бойынша қунлы илимий мақалаларын жазды. Күнделикли әдебий процесске де белсене қатнасты ҳәм жазыўшы, шайырлардың дөретиўшилигине рецензиялық сын пикирлерин билдирип барды.

К.Алламбергенов халыққа танылған талантлы жазыўшы сыпатында прозалық ҳәм драмалық шығармаларын дөретип, қарақалпақ көркем әдебиятын раўажландырыўға салмақлы үлес қосты.

Жуўмақлап айтқанда устаз-педагог, алым К.Алламбергеновтың өмир жолы, ел, халыққа ислеген хызметлери, қарақалпақ әдебияты ҳәм фольклоры бойынша изертлеўлери қарақалпақ илминиң раўажланыўына қосылған баҳалы мийнет болып қалады.

**Әдебиятлар**

1. Курамбоев К. Qo'sh iste'dod sohibi // Kórkem ádebiyat hám ilim dárbentiniń úlken darǵası. – Nókis, 2016, 22-б.
2. Алламбергенов К. Қарақалпақ әдебиятында айтыс. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985.
3. Алламбергенов К. Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге». – Нөкис: «Билим», 1995.
4. Мәмбетов К. Әййемги қарақалпақ әдебияты. – Нөкис: «Қарақалпақстан»,1976.
5. Алламбергенов К. Миф, Ертек, тарийх ҳәм дәстан. – Нөкис: 2014.
6. Алламбергенов К. Ер Едиге, «Едиге» дәстаны, Алтын Орда ҳәм Мауараўаннахр дәўири тарийхының гейпара мәселелери. – Нөкис: «Билим», 2017.

## ИЛГИР ЗЕЙИНЛИ ӘДЕБИЯТШЫ ИЛИМПАЗ-УСТАЗ
## (М.Бекбергенованың 70 жыллығына)

**А.Ж.Утамбетова** – *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Өзбекстан Республикасы илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар Илимлер илим изертлеў институты*

XX-XXI әсир қарақалпақ халқының миллий сана сезим булағының бир бөлеги болған көркем таным дүньямыз-көркем әдебиятымыз бенен оны бир системаға салып кейинги әўладларға тутас түрде мийрас етип қалдырыўшы қарақалпақ әдебияттаныў илими менен әдебий сын ғаўлап тез пәт пенен раўажланды. Өйткени, бул қоспалы көркемлик сана менен илимий ойлаў қублыслары процесслериниң тез пәт пенен алға илгерлеўинде ҳәзирги жыллары басқаша пикирлер болғаны менен уллы аўдарыспақ жалынының, бизден алдын «раўажланған» халықлардың прогрессив илимий раўажланыўының унамлы тәсири болғанлығын жасыра алмаймыз. Қарақалпақ әдебияттаныў илими сөзсиз түрде рус әдебияттаныў илими, рус илимий дүньясының тиккелей тәсиринде, оның көмегинде аяққа турды ҳәм тез ўақыт ишинде алға илгерледи. Усы прогрессив «тәсирдиң» оның тиккелей көмеги менен қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, И.Сағитов, Н.Жапақов, М.Нурмухаммедов, С.Ахметов, Қ.Мақсетов ҳ.т.басқалар тиккелей Москва илимий орталығының, соңынан Ташкент, Алма-ата илимий әдебий жәмийетшилигиниң арқасында өсип жетилисип, кейинги әўлад әдебиятшы илимпазларын өсирип шығарды. Олардың арасында анығын айтқанда З.Насурыллаева, Ж.Нарымбетов, Қ.Камалов, К.Худайбергенов, С. Аллаяров ҳәм басқалар рус филологиясының унамлы үлгилери менен С.Баҳадырова, Қ.Жәримбетов, Қ.Оразымбетов, П.Нуржанов, З.Бекбергенова, Қ.Мәмбетов ҳәм басқалар өсип жетилисти. Олар миллий әдебиятымыздағы қайсы бир машқаланы сөз етип қозғап, кандидатлық, докторлық диссертациялар жазса да, ал оларды ең алды менен сол миллий әдебий фактлерге, миллий әдебий процесске сай келетуғын рус әдебияттаныў илиминиң, соңынан басқа усыған уқсас машқалаларға байланыслы түркий халықлары филологиясындағы соңғы жетискенликлерге уқсас илимий әдебий пикирлери менен салыстырып илимий тәжирийбелер иследи, исенимли илимий жуўмақлар жасады.

Мине, усындай рус филологиясының тиккелей унамлы тәсири менен миллий көркемлик текстлерди, миллий әдебият фактлери менен қублысларын схематик түрде шатастырмаған ҳалда зийинли ҳәм итибарлы дурыс илимий жуўмақлар шығарыўшы илимпаз әдебиятшы апаларымыздың бири М.Бекбергенова десек арзыйды. Ол өзи жазған ең алды менен кандидатлық диссертациясында ҳәм басқада әдебий сыншылық мийнетлери менен оқыў методикалық қолланбаларында, сабақлықларында, оқыған лекциялары менен әмелий жумысларында рус филологиясы жәҳән филологиясы менен түркий әдебиятларының соңғы жетискенликлеринен хабардар әдебиятшы илимпаз устаз сыпатында өз келбети менен көзге түседи десек, апамызды көзинше орынсыз юбилейлик мақтаў емес шығар.